

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kacapi mangrupa salasihiji waditra tradisional nu asalna ti Jawa Barat, miboga sababaraha rupa wanda jeung fungsina béda-béda, di antarana aya kacapi indung jeung kacapi rincik nu fungsina digunakeun pikeun mirig tembang. Aya deui kacapi siter nu fungsina digunakeun pikeun mirig kawih jeung pupuh. Tina sababaraha rupa jenis kacapi, tangtu dina téknik pirigan miboga ciri jeung gaya séwang-séwangan gumantung kana téknik mirig, komposisi musik, jeung bentuk kacapina. Salasihijina téknik pirigan dina kacapi kawih nyaéta aya sababaraha téknik nyaéta sintreuk, toél, ranggeum, jeungkalan, jeung jambret. Téknik-téknik dina pirigan kacapi disaluyukeun jeung lagu tuluy ngagunakeun sistem nada pentatonis, nu dibagi kana sababaraha laras, aya saléndro, madenda, jeung degung. Sistem nada pentatonis dina musik tradisi Sunda nyaéta Da-Mi-Na-Ti-La. Kamajuan kawih Sunda, boh jaman kamari, boh jaman kiwari, tangtuna miboga unsur kréasina séwang-séwangan. Salah sahiji kréasi dina kawih Sunda nyaéta istilah kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah, anu dina enas-enasna maké pola anyar dina pirigan kacapina tuluy diselapan ku nada diatonis, dina rumpakana make sajak bébas jeung keuna pikeun masarakat jaman ayeuna.

Prosés nu kréatif ti para seniman dina kamajuan kasenian jaman kiwari, ngabalukarkeun timbulna kréasi jeung inovasi kasenian. Sakumaha anu ditétélakeun ku Gunawan (2014, kc 1) yén seni jeung senimanna sering diidéntikkeun jeung kreativitas kusabab ngaliwatan seni nyiptakeun sababaraha karya nu unik, anyar sarta anéh, nu teu kungsi kapikiran ku jalma lianna. Satuluyna Ruswandi (2016) nétélakeun yén kaciptana hiji karya nu anyar karawitan Sunda dina kontéks kahirupan sosial, disababkeun ku ayana kabutuhan boh keur diri sorangan boh keur masarakat umum. Salah sahiji wangun prosés kréatif ti seniman karawitan Sunda nya éta timbul istilah anyar kawih kacapi harmonian.

Dina taun 2010 mimiti medal kawih dipirig ku kacapi gaya jeung téknik anyar karya Ubun Kubarsah nu dihaleuangkeun ku Rita Tila. Sakumaha nu ditétélakeun ku Rahayu (2020) yén kawih kacapi harmonian nyaéta salasihiji karya nu ngagunakeun sistem nada nu saluyu tina musik Barat, katitén aya kamekaran dina kawih Sunda karya Ubun Kubarsah, di antarana bisa ditilik tina warna

sora nu anyar kusabab ngangunakeun waditra kacapi jeung waditra lianna nu tangtuna aya modifikasi dina téknik sarta sistem nada nu béda ti nu ilaharna.

Satuluyna, Rahayu (2020) nétélakeun yén mekarna cara mikir nu ngadasaran pola pikir kana aspék musikal saperti garapan, éstétika, kréativitas, jeung tuluyan ti nu kaparigelan ngaliwatan latihan jeung atikan, mindeng kajadian dina musik, husuna musik kacapi. Éta hal nu ngabalukarkeun yén ayana musik kacapi teu cindek, tapi muka lawang ogé bisa disaluyukeun jeung dinamika kahirupan sosial masarakatna. Saluyu jeung pamadegan Mack (1995 kc. 12) nétélakeun yén musik kawih Sunda mangrupa salasahiji musik populer di Indonésia hususna di Jawa Barat. Nurutkeun Irawati (2020) yén pikeun maham kana prosés transmisi musik-musik lokal-tradisional di antarana bisa dilaksanakeun ku cara nalaah hubungan antara palaku, kontén, jeung mékanisme transmisi. Satuluyna dina ieu prosés téh tangtuna aya pasualan nu timbul boh ti senimanna boh masarakat nu narimana, pasualan-pasualan nu nyampak bisa pikeun ditalungtik. Hususna dina prosés kréatif, inovatif, jeung pasualanana liaan nu aya pakaitna jeung karya Ubun Kubarsah. Ku kituna, panalungtik milih ieu objék pikeun jadi objék panalungtikan.

Panalungtikan saacanna jeung ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Ruswandi (2016) anu judulna “*Kréativitas Mang Koko dina Karawitan Sunda*” nu medar ngeunaan analisis kréativitas Mang Koko dina Karawitan Sunda nu aya patalina jeung konsép kamekaran kawih Sunda nu dilarapkeun dina kabudayaan masarakat Sunda. Hasil tina éta panalungtikan pasualan ngeunaan konsép kréativitas Mang Koko nu tuluy dipatalikeun jeung pola pikir sarta kabiasaan hirup masarakat Sunda. Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan, dipaké pamarekan kréativitas, ulikan peran jeung fungsi.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho lumangsungna kréasi jeung naon baé peran jeung fungsi nu nyangkaruk dina kawih Sunda kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh jeung pamahaman kana kacapi kawih. Sabab mun teu bisa ngabédakeun antara pola pirigan, peran jeung fungsi kawih jeung tembang bisa ngabalukarkeun salah pamahaman ti masarakat. Tuluy mikanyaho prosés kréasi kawih nu dilakukeun ku Ubun Kubarsah dina kamekaran kawih Sunda. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “*Kréativitas Waditra Kacapi Harmonian Karya Ubun Kubarsah (Ulikan Peran, Fungsi jeung Sémiotik)*”

1.2 Identifikasi Masalah

Dina ngungkulan masalah panlungtikan, leuwih ti heula ngalaksanakeun kagiatan mikir pikeun meunangkeun gagasan jeung ide dina ngalaksanakeun panalungtikan. Dina prosés mikir jeung maluruh objék dilaksanakeun ngaidéntifikasi masalah di antarana nya éta.

- 1) Waditra kacapi harmonian jadi kiblat kawih Sunda dina jaman ayeuna;
- 2) masarakat masih remen patukeur antara kawih jeung tembang;
- 3) peran jeung fungsi kacapi dina jaman ayeuna; jeung
- 4) masarakat masih réa nu teu apaleun unsur sémiotik dina waditra kacapi.

1.3 Rumusan Masalah

- 1) Kumaha prosés kréativitas Kacapi Harmonian karya Ubun Kubarsah?
- 2) Naon baé peran jeung fungsi dina waditra Kacapi Harmonian karya Ubun Kubarsah?
- 3) Naon baé unsur sémiotik waditra Kacapi Harmonian Ubun Kubarsah?
- 4) Kumaha larapna peran jeung fungsi waditra Kacapi Harmonian karya Ubun Kubarsah di masarakat?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon éta tujuan umum jeung husus di antarana sakumaha ieu di handap.

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun prosés kréativitas, peran jeung fungsi nu aya dina waditra kacapi harmonian. Salian ti éta, bisa dijadikeun tolak ukur pikeun ngajén kamampuh masarakat dina maham kana waditra kacapi harmonian.

1.4.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang kahontal tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadétésiskeun

- 1) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun prosés kréativitas dina kawih Sunda karya Ubun Kubarsah,
- 2) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun peran jeung fungsi dina waditra kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah,

- 3) Nganalisis jeung ngadéskrripsikeun unsur sémiotik waditra kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah.
- 4) Nganalisis jeung ngadéskrripsikeun larapna peran jeung fungsi dina kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta (1) Mangpaat tina segi téoritis (2) Mangpaat tina segi praktik

1.5.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat sacara téoritis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kajian budaya, hususna dina wangun seni kawih. Salian ti éta, ieu hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang élmu kréativitas kacapi jeung élmu kawih Sunda.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun nalungtik, bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung waditra kacapi tina segi kréativitas, peran jeung fungsi dina kawih.
- 2) Pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun minat atawa karep masarakat kana kasenian, anu miboga ajén inajén. Masarakat kudu bisa ngarojong kana seni tradisional hususna kasenian kawih sangkan bisa nanjeur ditengah-tengah budaya modéren.

1.6 Raraga Tulisan

Ieu tésis disusun jadi lima bab nyaéta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V, anu bisa diwincik saperti ieu di handap.

BAB I mangrupa bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta struktur organisasi tésis.

Dina BAB II, eusina ngeunaan tiori-tiori anu dipaké pikeun ngarojong kana ieu panalungtikan. Tiori anu dipedar nyaéta ngeunaan kréativitas, peran jeung fungsi, waditra kacapi,

Moch. Yoga Agung N, 2024

KREATIVITAS WADITRA KACAPI HARMONIAN KARYA UBUN KUBARSAH (ULIKAN PERAN, FUNGSI, JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

résénsi anu dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah anu ditalungtik, panalungtikan saméméhna, sarta kalungguhan tiori.

Dina BAB III, eusina ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalugtikan, anu eusina ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, teknik panalungtikan, jeung analisis data.

BAB IV, eusina ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan, anu ngawengku hasil analisis kréativitas, peran, fungsi, jeung sémiotik dina waditra kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah.

BAB V, eusina ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna